

Aplike pou Asistans Chomaj nan Ka Pandemi (PUA, akwonim an Anglè)

Depatman Opòtinite Ekonomik nan Florid ap Administre



Ki sa Asistans Chomaj nan ka Pandemi an ye?

Asistans Chomaj nan Ka Pandemi (PUA) ap ofri asistans a moun ki te pèdi travay yo oswa moun ki te kanpe travay akòz konsekans dirèk COVID-19 avèk tout lòt ki pa nòmalman kalifye pou Asistans Reyaplwa eta a. Sa enkli Gigè, travayè endepandan oswa anplwaye ki sou kontra. PUA ap peye benefis jiska \$275 pou chak semèn.

Kondisyon pou Kalifikasyon

Ou kapab kalifye pou PUA si, akòz konsekans dirèk COVID-19:

- Ou vin pap travay.
- Ou te planifye pou w kòmanse travay men ou pat ka komanse travay la.
- Ou devni sous revni prensipal ak sipò pou fanmi w paske tèt fanmi lan te mouri.

Enfòmasyon sa yo nesèsè lè wap aplike:

- Nimewo Sekirite Sosyal.
- Nimewo Anrejistremant Etranje ak dat ekspirasyon an (moun ki pa yon Sitwayen Ameriken).
- Non ak adrès anplwayè ke dezaz la te afekte a.
- Si w se yon travayè endepandan, ou dwe bay prèv ke w se yon travayè endepandan, enkli, men sanzoubliye:
 - Papyè Taks Federal ak Eta a
 - Deklarasyon Finansyèl
 - Rejist bankè, Fòm1099, pèmi ki kouran pou fè biznis oswa lisans okipasyonèl, resi lavant nan biznis lan, kontra-lwaye pou etablisman biznis lan, oswa nenpòt ki dokiman ki montre ou gen yon reyèlman gen yon biznis nan moman pandemi an.

Rapèl

Ou dwe ranpli aplikasyon pou benefis Asistans Reyaplwa eta a anvan w aplike pou PUA. Pandan aplikasyon an yap mande w si COVID-19 te afekte w. Answit, yo pral detèmine si w kalifye pou reklamasyon Asistans Reyaplwa. Si yo detèmine ou pa kalifye oswa si w fin epwize tout benefis Asistans Reyaplwa w yo, alò yap envite w pou ranpli yon aplikasyon Asistans Chomaj nan ka Pandemi.

Kòman pou aplike



Pou enfòmasyon jeneral sou Asistans Reyaplwa, ale sou [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org) oswa rele **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759).
Lè ou ka rele: Lendi jiska Vandredi. 7:30 a.m. – 6:30 p.m. | Samdi. ak Dimanch. 8 a.m.- 5 p.m.

Kesyon ki Poze pi Souvan sou Asistans Chomaj nan Ka Pandemi (PUA akwonim an Anglè)

Depatman Opòtinite Ekonomik nan Florid ap Administre



Ki sa Asistans Chomaj nan ka Pandemi an ye?

Asistans Chomaj nan Ka Pandemi (PUA) ap ofri asistans a moun ki te pèdi travay yo oswa moun ki te kanpe travay akòz konsekans dirèk COVID-19 avèk tout lòt ki pa nòmalman kalifye pou Asistans Reyaplwa eta a. Sa enkli Gigè, travayè endepandan oswa anplwaye ki sou kontra. PUA ap peye benefis jiska \$275 pou chak semèn.

Èske m ap kalifye pou PUA?

Ou kapab kalifye si w te pèdi travay ou oswa w te kanpe travay akòz konsekans dirèk COVID-19, youn oswa plisyè nan bagay sa yo dwe rive: Ou vin pap travay, ou te planifye pou w kòmanse travay men ou pat ka komanse travay la oswa ou devni sous revni prensipal ak sipò pou fanmi w paske tèt fanmi lan te mouri, epi ou pa tap kalifye pou Asistans Reyaplwa eta a. Sa enkli Gigè, travayè endepandan oswa anplwaye ki sou kontra.

Kòman pou w Depoze yon Reklamasyon?

Ou dwe ranpli aplikasyon pou benefis Asistans Reyaplwa eta a anvan w aplike pou PUA. Pou ranpli yon aplikasyon, ou ka deposite reklamasyon w lan sou entènèt nan www.FloridaJobs.org. Ou dwe fè demann pou benefis Asistans Reyaplwa eta a anvan w aplike pou PUA. Pandan aplikasyon an, yap mande w si COVID-19 te afekte w. Answit, yo pral detèmine si w kalifye pou reklamasyon Asistans Reyaplwa. Si yo detèmine ou pa kalifye oswa si w fin epwize tout benefis Asistans Reyaplwa w yo, alò yap envite w sou CONNECT pou ranpli yon aplikasyon pou PUA. Si w te aplike pou Asistans Reyaplwa nan dat 4 Avril 2020 oswa avan, ou dwe soumèt yon lòt aplikasyon.

Ki sa m dwe sonje lè m ap aplike pou PUA?

Ou dwe rapòte tout salè w yo. Si patwon w te peye pandan absans ou nan travay la oswa si w retounen travay, ou dwe rapòte tout salè sa yo. Ou dwe rapòte peman pou konje maladi, peman pou vakans oswa lòt konje peye.

Ou dwe bay prèv ki montre ke ou tap travay nan moman COVID-19 lan, 21 jou aprè ou fin konplete aplikasyon PUA a. Ou ka fakse dokiman yo mande yo nan 1-800-222-7934 oswa poste yo nan PUA Unit P.O. Box 5350 Tallahassee, FL 32314. Papyè Taks pèsònèl ou (Fòm Federal 1040 ak tout atachman yo) oswa lòt prèv ki montre ou tap travay (tankou 1099), epitou yo ka mande salè ou te ganye nan ane kalandriye 2019.

Konbyen tan sa ka pran pou m resevwa benefis mwen yo?

Yap peye benefis PUA yo depi nou resevwa prèv ki montre ou tap travay ak prèv sou salè w, depi nou verifye epi detèmine ke chomaj ou a se akòz konsekans dirèk COVID-19. Chak reklamasyon ap revize sou pwòp merit li. Objektif nou se asire ke gen yon desizyon ki pran pi vit ke posib paske nou konnen w nan bezwen.

Pou konbyen semèn map resevwa benefis yo?

Si w kalifye pou PUA, yo pral peye w chak semèn dapre règleman federal ak eta yo. Benefis PUA yo ka dire jiska 39 semèn, kote yo va peye w jiska \$275 chak semèn. CARES Act, yon lwa Federal sou Konpansasyon Chomaj nan ka Pandemis (FPUC, akwonim an Anglè) ofri moun ki kalifye yo yon lòt \$600 chak semèn anplis de montan benefis chak semèn nan. Benefis siplemantè sa yo ka disponib depi 29 Mas, 2020 pou rive 31 Jiyè 2020.

**Pou enfòmasyon jeneral sou Asistans Reyaplwa, ale sou FloridaJobs.org oswa rele 1-833-FL-APPLY (1-833-352-7759).
Lè ou ka rele: Lendi jiska Vandredi. 7:30 a.m. – 6:30 p.m. | Samdi. ak Dimanch. 8 a.m.- 5 p.m.**